

Depatman Sante Florida

Pòtay Pasyan Florida Health Connect

Akò sou Tèm ak Kondisyon Itilizasyon Done

Akò

LÈ OU UTILIZE PÒTAY PASYAN DEPATMAN SANTE FLORIDA A SA VLE DI OU DAKÒ AK TÈM AK KONDISYON SA YO. SI OU PA DAKÒ AK TÈM AK KONDISYON SA YO PA UTILIZE PÒTAY PASYAN FLORIDA DEPATMAN SANTE FLORIDA A.

Avi Enpòtan

Akò Itilizasyon Done sa a ("Akò") se yon akò legal ant ou menm ("ou menm", oswa "Konsomatè") ak Depatman Sante Florida ki prezante tèm ak kondisyon pou ou itilize Pòtay Pasyan Depatman Sante Florida a, Florida Health Connect ("Pòtay" la). Kòm konsomatè k ap patisipe nan Pòtay la, w ap kapab itilize Pòtay la pou w jere enfòmasyon sante pèsònèl ou, ale ladan yo epi voye yo bay pwofesyonèl swen sante w ki itilize Pòtay Pasyan Depatman Sante Florida, Florida Health Connect (kolektivman, "Sèvis" la). Depatman Sante Florida a kapab poste mizajou tèm ak kondisyon sou Pòtay la pou modifiye oswa chanje Sèvis li bay yo oswa tèm Akò sa a nenpòt lè, selon konpreyansyon Depatman Sante Florida sèlman. Lè ou antre sou Sèvis la epi ou itilize l, sa v le di ou dakò: 1) ou li, ou se sèl responsab, epi ou li tèm Akò sa a, ak tout revizyon ki fèt ladan l, epi 2) ou p ap itilize Sèvis la oswa Pòtay la nan okenn fason ki vyole tèm Akò sa a epi/oswa ki kont okenn lwa ki ann aplikasyon.

REMAK: Itilizasyon Sèvis la ak Pòtay la pa avi medikal yon pwofesyonèl swen sante ni yo pa dwe pran l pou sa. Enfòmasyon ki nan Pòtay la la pou enfòmè sèlman, yo pa dwe pran yo kòm ranplasan dosye medikal pwofesyonèl swen sante kreye epi ap jere. Si ou gen kesyon konsènan pwoblèm medikal/fizik, tretman oswa dyagnostik, tanpri pale ak Medsen w oswa lòt pwofesyonèl swen sante w. Pa janm neglije avi medikal pwofesyonèl oswa pran reta pou w chache l paske yon bagay ou te li sou Pòtay la. SIZANKA GEN IJANS MEDIKAL, TANPRI RELE 911.

Pèmisyon pou itilize Pòtay Pasyan Depatman Sante Florida, Florida Health Connect la:

Depatman Sante Florida ba ou pèmisyon pou w itilize Pòtay la, selon kondisyon ak limit Tèm sa yo fikse. Ou kapab antre sou pwòp enfòmasyon sante pèsònèl ou sou Pòtay la oswa wè yo sèlman selon tout lwa ak reglemantasyon federal ak lwa ak reglemantasyon eta ki ann aplikasyon pou tout konfidansyalite konsènan enfòmasyon sou pasyan. Enfòmasyon sante pèsònèl ou gade sou Pòtay la konfidansyèl epi yo anba pwoteksyon Lwa 1996 sou Transferablite Asirans Sante ak Responsablite a (Health Insurance Portability and Kontability Act, "HIPAA"), Lwa HITECH la, ak reglemantasyon sou konfidansyalite ak sekirite ki dekrete an konfòmite ak HIPAA, tankou, men pa sa sèlman, Pati C ak E nan Pati 160 ak 164 nan 45 C.F.R., kèlkswa amandman ki ta fèt a nenpòt moman. Enfòmasyon sante pèsònèl ou gade sou Pòtay la se kapab enfòmasyon jenerik, nan sans Lwa 2008 sou Enpasyalite Enfòmasyon Jenerik la defini tèm sa a. Ou pa kapab:

- Itilize, repwodui oswa kopye yon pati oswa tout kontni Pòtay la sof lè tèm Akò sa a ak/oswa lwa ki ann aplikasyon yo eksprime sa dirèkteman
- Efase oswa chanje okenn avi mak materyèl ou telechaje oswa enprime sou Pòtay la
- Itilize kontni Pòtay la nan avantaj lòt moun, apa pasyaayn an, sof kote tèm sa yo anvizaje l

- Bay oswa transmèt lòt moun done oswa lòt kontni Pòtay la, sou kote Tèm sa yo pèmèt sa espesyalman oswa nan objektif pou aplike lalwa
- Entegre done oswa lòt kontni Pòtay la nan yon pwodui ou travay, devlope, vann, lanse oswa ou otorize oswa lòt moun fè pou ou
- Itilize Pòtay la yon fason ki kontrè ak yon lwa ki ann aplikasyon

Ou dakò w ap detwi oswa efase enfòmasyon sante pwoteje ki vin jwenn ou pa erè, epi/oswa enfòmasyon ou pa t dwe konnen. Ou dakò pou w enfòmè Depatman Sante Florida a sou revelasyon ki pa apwopriye sa yo e ou dakò ou p ap transfere enfòmasyon sa yo bay lòt moun oswa pataje yo nan okenn lòt fason. An plis ou dakò w ap enfòmè Depatman Sante Florida a sou nenpòt pwoblèm konsènan kontni oswa rapidite enfòmasyon ki poste sou sistèm Depatman Sante Florida yo tousuit.

Menm si Depatman Sante Florida a eseye prezève entegrite ak presizyon enfòmasyon ki sou Pòtay la, nou pa bay garanti yo ni kòrèk, ni konplè, oswa presi. Pòtay la ka gen erè tipografik, mank presizyon, oswa lòt erè oswa bagay ki manke. Depatman Sante Florida pa bay moun ki poko gen 18 lane aksè a kont pòtay la.

Ni ou ni Depatman Sante Florida a kapab mete fen nan aksè w a Pòtay la nenpòt lè, pou nenpòt oswa san okenn rezon, san avize. Depatman Sante Florida a kapab mete fen nan aksè w a Pòtay la imedyatman si ou vyole nenpòt Tèm Akò Itilizasyon Done sa a. An plis, Depatman Sante Florida a kapab mete fen nan aksè w a Pòtay la imedyatman si ou pa itilize Pòtay la ditou pandan yon peryòd douz (12) mwa. Ou rekonèt epi ou dakò sizanka Depatman Sante Florida a ta mete fen nan itilizasyon Sèvis la oswa Pòtay la pou ou, pou kèlkeswa rezon an, li pa oblije remèt ou okenn dosye ki estoke nan Baz Done Pòtay Pasyan Depatman Sante Florida a.

Depatman Sante Florida a se pwopriyete oswa pati ki gen lisans tout dwa nan Pòtay la, nan kontni li, lojisyèl li, ak sèvis li yo, tankou modèl, fòm, imaj, grafik, ikòn, ekran ak lòt materyèl. Ou gen dwa sou kontni, lojisyèl oswa sèvis sa yo sof si Tèm sa yo ba ou l dirèkteman. Ou pa kapab modifye, distribye, kopye, transmèt, repwodui, afiche, pibliye, otorize, kreye pwodui derive, transfere oswa vann okenn enfòmasyon, lojisyèl, pwodui oswa sèvis ou pran nan Sèvis la oswa sou Pòtay la. Depatman Sante Florida ak logo a oswa lòt mak pwopriyete enstans ki bay Depatman Sante Florida lisans ak patnè li se non komèsyal Depatman Sante Florida oswa enstans ki bay lisans li ak patnè li. Yo pa ba w okenn dwa, enterè oswa tit nan komèsyal sa yo nan Tèm sa yo. Afichaj enfòmasyon sou Pòtay la se pa yon renonsyasyon a dwa pwopriyete Depatman Sante Florida, kit se dwa repwodiksyon, mak komèsyal, mak sèvis, patant ak lòt pwopriyete entèlektyèl.

**Renonsyasyon Responsablite, Dedomajman**

Ou dakò pou w se sèl responsab itilizasyon Pòtay sa a epi pou w kreye epi prezève konfidansyalite non itilizatè ak modpas inik ou a Ou dakò ou p ap bay okenn lòt moun non itilizatè oswa modpas ou a. Ou responsab pou pran tout mezi rezonab pou moun ki pa otorize pa gen aksè a modpas ou oswa a kont ou. Ou konprann ou responsab pou w chanje modpas ou a tousuit si ou santi li te ekspoze. Ou dakò pou w kopere san rezèv nan tout ankèt Depatman Sante Florida ap mennen pou kontwole sistèm nan. Pòtay la bay aksè enfòmasyon edikatif jeneral; ou konprann epi ou dakò ou pa dwe itilize enfòmasyon sa yo nan plas avi medikal pwofesyonèl swen sante kalifye.

Kòm pèmèt ou itilize Pòtay la, ou inonsante Depatman Sante Florida, mandatè li, ofisye li, direktè li, anplwaye li, ajan li ak afilye li pou tout a reklamasyon, responsablite, koz pousuit ak tout kalite domaj ak enterè, devan lalwa, jistis oswa lòt, ki ta rive akoz jan ou itilize pòtay, men si se ta akoz aksyon oswa omisyon Depatman Sante Florida a.

An plis, w ap dedomaje epi inosante Depatman Sante Florida, ofisye li, direktè li, ajan li, afilye li, ak anplwaye li, pou tout pèt, dèt, domaj ak enterè, reklamasyon, depans reyèl dirèk (san bliye frè rezonab pou avoka) yo ta ka soufri akoz reklamasyon, demand, ankèt, pwosè, domaj ak enterè oswa jijman lòt pati ta fè kont yo akoz ou ta vyole Tèm sa yo, oswa akoz nenpòt reklamasyon oswa nenpòt move aksyon oswa omisyon ou ta fè.

Dispozisyon seksyon sa a ki titre "Renonsyasyon a Responsablite, Dedomajman" an ap aplikab menm aprè rezilyasyon akò sa a.

Depatman Sante Florida pa responsab pou okenn echanj lyen ak lòt sit.

Pòtay sa a kapab gen lyen ak lòt sit Entènèt, e lòt sit Entènèt kapab bay lyen pòtay sa a. Lyen sa yo se pou itilite w sèlman. Depatman Sante Florida a pa kontwòle lòt sit sa yo epi li pa pran okenn responsablite pou yo, kit se pou kontni oswa sèvis sit sa yo ba ou. Ou pa dwe pran lyen okenn lòt sit kòm yon bagay Depatman Sante Florida asime.

Ou dakò Depatman Sante Florida Kapab Itilize epi Pataje Sèten Enfòmasyon Sou Ou.

Ou dakò, si Depatman Sante Florida ta mande li, pou li itilize non ou, adrès imel ou, adrès fizik ou, oswa lòt done pou li kominike avè w. Ou kapab mande pou yo modifiye oswa efase enfòmasyon sa yo nan dosye w. Depatman Sante Florida a kapab itilize enfòmasyon sa yo depi sa nesèsè pou aplike Tèm Akò sou Itilizasyon Done sa a.

Epi ou dakò Depatman Sante Florida a kapab itilize enfòmasyon sa yo pou aktivite entèn li epi pou li pataje enfòmasyon yo ak lòt pati k ap travay pou li. Depatman Sante Florida a p ap pataje enfòmasyon sa yo ak okenn lòt moun pou okenn lòt rezon.

Akò sa a sou kontwòl Lalwa Florida. Se pou sa, Tèm sa yo ap anba kontwòl lalwa Eta Florida, y ap entèprete yo an konfòmite a lwa sa yo, san konsidere prensip konfli ant lwa.

Tout pwosè kont Depatman Sante Florida a dwe kòmanse nan Eta Florida a. Ou dakò tribinal ki twouve yo nan Eta Florida a oswa k ap sèvi Eta Florida a ap sèl jiridiksyon ak plas pou reyalize nenpòt pwosè Tèm sa yo oswa jan ou itilize Sèvis la ta pwovoke oswa ki ta an rapò ak yo. Ou renonse a tout eskiz tankou tribinal ki twouve li nan Florida oswa k ap sèvi Florida pa gen jiridiksyon pèsònèl sou ou, oswa li pa yon plas apwopriye, oswa li pa yon fowòm apwopriye.

Lòt Dispozisyon

Tèm sa yo se antant ou menm ak Depatman Sante Florida a konsènan jan w ap itilize Sèvis sa a. Okenn modifikasyon oswa tantativ modifikasyon ou fè nan Tèm sa yo p ap angaje Depatman Sante Florida sof si se yon ajan otorize Depatman Sante Florida a ki fè li alekri epi ki siyen li fizikman. Depatman Sante Florida a kapab modifiye Tèm sa yo nenpòt lè.

Avi Depatman Sante Florida a voye ba ou konsènan Tèm sa yo oswa jan w ap itilize Pòtay la ka rive jwenn ou pa mwayen elektwonik, avi jeneral sou Pòtay la, oswa komunikasyon ekri pa mwayen sèvis postal premye klas Etazini (U.S mail.).

Tèm sa yo separab kote yo konsidere yo ilegal, yo pa valid oswa yo pa aplikab. Si Depatman Sante Florida a pa ta aplike yon dispozisyon nan Tèm sa yo, ou pa dwe konsidere li renonse a dispozisyon sa a oswa a okenn lòt dispozisyon ki nan Tèm sa yo.

Pati ki enplike nan akò sa yo se travayè ki endepandan youn pa rapò a lòt; pa gen anyen nan akò a ou ka konsidere ki la pou kreye yon relasyon ajans, yon patenarya oswa yon antrepriz komen ant pati yo.

Ou pa kapab bay okenn nan dwa oswa devwa Tèm sa yo ba ou yo san konsantman ekri Depatman Sante Florida a dabò; tout tantativ pou bay yo ki pa konfòm ak fraz sa a ap nil.

Avètisman Lwa sou Konfidansyalite (Privacy Act), HIPAA, ak HITECH

Enfòmasyon ki nan sistèm sa a anba Lwa sou Konfidansyalite 1974, 5 USC 552a, as amended kèlkeswa jan li modifiye ak Lwa sou Enfòmasyon Sante pou Sante Ekonomik ak Sante Klinik (Information Health Technology for Economic and Clinical Health Act), 42 USC§ 17921 et seq. and 16 Del. C. Ch. 12. Se sèlman moun ki otorize ki kapab enfòmasyon pèsònèl tankou enfòmasyon sante pwoteje (protected health information, PHI) ki nan sistèm sa a, men pa sa sèlman. Any individual yon moun responsab pataj plizyè itilizasyon enfòmasyon pèsònèl san otorizasyon ka tonebe anba amand, sanksyon sivil ak/oswa pwosè penal.

Mansyon Legal

SÈVIS KI BAY ATRAVÈ ENFÒMASYON KI SOU SIT SA A "JAN YO YE". DEPATMAN SANTE FLORIDA A PA BAY OKENN GARANTI E LI PA RESPONSAB OKENN GARANTI KI BAY NI OUVÈTMAN NI SOUZANTANDI POU TIT, KONTREBANN, KALILE MACHANDIZ AK SI YON PWODUI APWOPRIYE POU YON ITILITE ESPESYAL AK POU LÒT ANKÒ. AN PLIS, DEPATMAN SANTE FLORIDA A BAY OKENN GARANTI PÒTAY LA AP DISPONIB TOUT TAN OSWA L AP GTRAVAY SAN KANPE OSWA SAN ERÈ. DEPATMAN SANTE FLORIDA A BAY OKENN GARANTI SOU FYABILITE, RAPIDITE, PRESIZYON, ITILITE, SIFIZANS OSWA PÈTINANS SÈVIS OSWA ENFÒMASYON KI POSTE SOU PÒTAY LA. POU PI KLÈ, NAN OKENN KA, DEPATMAN SANTE FLORIDA LA P AP RESPONSAB OKENN DOMAJ KI RIVE AKOZ OU PA KA ANTRE NAN SÈVIS LA OSWA SOU PÒTAY AKOZ APARÈY OU, SISTÈM EKSPLOATASYON AN PA REPONN OSWA PASKE OU PA GEN ASE KONEKSYON TELEKOMINIKASYON/ENTÈNÈT.

Ou kapab voye yon imel bay Sèvis Sipò a nan a [FHCPortalSupport@flhealth.gov](mailto:FHCPortalSupport@flhealth.gov) pou tout kesyon konsènan Depatman Sante Florida a ak Pòtay Pasyan Florida Health Connect la.